

BAB I

PAMBUKA

A. Dhasaring Panaliten

Sedaya priyantun wonten ing bebrayan agung menika, tansah ninndakaken pirembagan. Salah sawijining pirantos kangge pirembagan wonten ing bebrayan agung inggih menika basa. Basa boten saged dipunicalaken saking masarakat panyengkuyungipun amargi masarakat panyengkuyung menika ingkang ndadosaken basa saged ngrembaka. Wonten ing pagesangan manungsa, basa menika minangka pirantos pamanggih, amargi basa dipunginakaken kangge ngandharaken sedaya ingkang dados pamanggih saha raos pangraosing manah. Saking menika, manpangat basa ingkang utami inggih menika minangka piranti pirembagan.

Pirembagan kanthi ngginakaken basa wonten kalih cara inggih menika lumantar lisan lan sinerat. Anggenipun pirembagan kanthi lisan ngginakaken swanten kangge ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken, ananging pirembagan kanthi sinerat ngginakaken seratan minangka pirantos kangge ngandharaken basa. Ing jaman samenika pirembagan kanthi sinerat dados bab ingkang wigatos sanget amargi mboten sedaya panganggening basa saged dipunandharaken lumantar lisan utawi swanten.

Panganggening basa ingkang awujud seratan menika saged dipunpanggihaken wonten ing sawijining karya sastra, salah sawijining karya sastra inggih menika Novel. Sareng kaliyan ngrembakanipun jaman, kawontenan novel ing jaman

samenika beda kalia novel jaman rumiyin. Andharan menika katitik saking undheraning pirembaran ing criyos cerkak jaman rumiyin kathah-kathahipun ngudhari bab criyos dewa-dewa, dongeng lan lelungan kang asipat *statis*, ananging ing jaman samenika undheraning pirembaran langkung nengenaken bab pagesangan kadosta katresnan, kemlaratan, kabagyan lan sanesipun. Anggenipun mbiwarakaken ugi beda, jaman sakmenika sampun kathah cara nggenipun mbiwarakaken novel kasebut, kadosta wontenipun *media sosial facebook, instagram, line* lan sanesipun ingkang samenika misuwur sanget wonten ing bebrayan agung. Mila ing jaman samenika novel gampil ngrembakanipun lan ugi wiwit kathah pamaosipun.

Salah satunggaling novel kang ngrembag bab pagesangan inggih menika Novel Katresnan kang Angker anggitan Peni (Suparta Brata), Peni menika salah sawijining asma samaran saking Suparta Brata. Suparta Brata menika salah sawijining penganggit Novel kang misuwur, wiwitanipun Suparta Brata nyerat migunakaken Basa Indonesia ing warsa 1952 ananging samenika sampun kathah Novel karya Suparta Brata ingkang migunakaken Basa Jawi salah satunggalingipun inggih menika Novel Katresnan kang Angker.

Novel Katresnan kang angker nyariosaken babagan katresnan. Novel menika nyawisaken cariyos kawontenan sosial ingkang kedadosan wonten jaman samenika. Novel minangka kaca benggala utawi *refleksi* saking prastawa wonten ing gesangipun manungsa saben dintenipun. Lumantar novel pamaos saged manggihaken *konflik* sosial wonten ing pagesangan saengga pamaos saged nyinau bab gesang, kados pundi tiyang kedah tumindak ingkang sae ananging panganggit boten kanthi *lugas* nggenipun ngandharaken salah

sawijining prekawis wonten ing karya sastra novel. Lelampahan cariyos ing novel adatipun dipunandharaken kanthi patrap ingkang makili kawontenan tartamtu inggih menika wontenipun *representasi*. *Representasi* dipunginakaken panganggit wonten ing salebeting cariyos supados ndadosaken cariyos langkung *variatif*.

Salah sawijining prekawis ingkang dipunandharaken kanthi *representasi* inggih menika bab katresnan. Katresnan menika salah satunggaling raos ingkang ndayani kawontenanipun *konflik* sosial ing pagesangan. Wonten ing novel prekawis bab katresnan asipat *global* amargi sedaya tiyang limrahipun ngraosaken katresnan wonten ing pagesangan.

Novel kanthi irah-irahan *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata menika trep dipunrembag bab *representasi* mliginipun bab *representasi* katresnan amargi salebeting cariyos nggambaraken katresnan ingkang maneka warni, tresna dhateng pasedherekan, tresnaning Ibu, tresna *erotis*, tresna dhateng dhirinipun piyambak, saha tresna dhateng Gustinipun.

Panyerat ngginakaken novel menika dados bahan panaliten amargi novel menika nyariyosaken lelampahan gesang paraga ingkang asmanipun Meineni kang kepencut marang Abimanyu lan dangu nyimpen raos tresnanipun dhateng Abimanyu. Mila trep kaliyan menapa ingkang dipunrembag ing panaliten inggih menika bab *representasi* katresnan.

Panyerat ngrembag bab *representasi* amargi novel menika minangka karya sastra ingkang anggenipun nyariyosaken mboten kanthi lugas. Panganggit ngandharaken salah sawijining kawontenan kanthi patrap ingkang makili kawontenan kasebut inggih menika wontenipun *representasi*. Kanthi panaliten menika panyerat gadah

ancas supados para pamaos langkung mangertos menapa ingkang dipunkajengaken panganggit ing cariyos menika.

B. Underaning Perkawis

Miturut dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken kasebut, saged kapendhet underaning perkawis, inggih menika:

1. unsur intrinsik Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata,
2. unsur ekstrinsik Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata,
3. *representasi* katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata,
4. sesambetan *representasi* katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata kaliyan konflik ing novel,
5. kapribaden tiyang Jawi ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata, kaliyan
6. kabudayan kang tuwuh amargi wontenipun katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata.

C. Watesaning Perkawis

Pirembagan wonten ing panaliten perlu dipunwatesi, sahingga anggenipun ngrembag saged langkung dipuntengenaken. Saking underaning perkawis kasebut, panaliten menika dipunwatesi saperlu ngrembag:

1. representasi katresnan wonten ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata,
2. *sesambetan representasi katresnan ing Novel Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata kaliyan konflik ing novel,
3. kapribaden tiyang Jawi ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata, kaliyan
4. kabudayan kang tuwuh amargi wontenipun katresnan ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata.

D. Wosing Perkawis

Saking watesaning panaliten wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet wosing perkawis, inggih menika:

1. menapa kemawon klasifikasi *representasi* katresnan ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata?
2. kadospundi *sesambetan representasi* katresnan ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata kaliyan *konflik* ing novel?
3. kados pundi Kapribaden tiyang Jawi ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata?
4. menapa kemawon kabudayan kang tuwuh amargi wontenipun katresnan ing Novel *Katresnan kang Angker* anggitanipun Suparta Brata?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten babagan *representasi* katresnan kaliyan konflik ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata menika gadhah ancas saperlu:

1. ngandharaken klasifikasi *representasi* katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata,
2. ngandharaken sesambetan *representasi* katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata kaliyan konflik ing novel,
3. ngandharaken kapribaden tiyang Jawi ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata, kaliyan
4. ngandharaken kabudayan kang tuwuh amargi wontenipun katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika mugi-mugi gadhah paedah ingkang saged migunani trumap sedaya pamaos. Paedahing panaliten ngengingi *representasi* katresnan ing Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparta Brata inggih menika:

1. maringi sumbangan kawruh babagan *representasi* ing Novel,
2. panaliten menika saged dipundadosaken tambahan *referensi* tumrap panaliten sanesipun ingkang ngrembag prekawis *representasi* ing Novel.